



Pou Piblikasyon Imedya: 12/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PASE ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYIZANS LAPOLIS ETA A POU EDE NAN ANKÈT SOU GRAFITI YO JWENN NAN SINAGÒG NEW YORK LA

"Bonè jodi a, yo te jwenn grafiti detestab yo desine sou mi Chelsea Chabad lan nan Vil New York — se pi resan an nan yon vag atak kont kominote Jwif la gen ladan fiziyad mòtèl ki sible yo sipèmache Kosher nan Vil Jersey jis kèk jou de sa.

Yo fè zak meprizab sa a pou enspire laperèz nan kominote Jwif nou an epi entimide tout Nouyòkè yo, men nou kategorikman rejte anti-Semitis ak rayisans nan tout fòm li epi nou ini nou kont konpòtman lach sa a.

Mwen ap pase enstriksyon ak Fòs Entèvansyon kont Krim Rayizans Lapolis Eta (State Police Hate Crimes Task Force) a pou li ede Depatman Lapolis New York (New York Police Department, NYPD) la nan ankèt sou zak repiyan sa a — nou pral jwenn moun ki fè sa yo epi rann yo responsab nan tout mezi lalwa pèmèt. Anplis de sa, jis pou pridans mwen ap bay enstriksyon ak Lapolis Eta a pou li kontinye amelyore prezans li nan sinagòg yo ak lòt etablisman Jwif yo nan tout Eta a.

Kite mwen klè: nan New York nou gen zewo tolerans pou kansè rayisans ak egoyis ki ap etrann nan tout peyi sa a epi nou pral kontinye denonse chak fwa ak tout kote nou wè sa".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)